

Danje Penti Abaz Plon yo nan Kay la

Kisa lokatè yo ta dwe konnen ak kisa mèt kay yo dwe fè pou yo pwoteje kay yo

Plon se yon pwazon yo konn jwenn souvan nan penti ansyen. Penti abaz plon, ak pousyè li vin tounen an, se sous yo idantifye pi souvan ki lakòz anpwazònman plon nan timoun. Anpwazònman plon ka lakòz pwoblèm aprantisaj ak pwoblèm konpòtman nan timoun yo. Yo te entèdi moun itilize penti abaz plon nan bilding rezidansyèl yo nan NYC an 1960. Bilding yo te konstwi avan 1960 yo ka toujou gen penti abaz plon sou mi yo, fenèt yo, rebò fenèt yo, pòt yo ak lòt sifas yo. Si penti a kòmanse ap dekale oswa yo te fè reparasyon nan kay yo san yo pa te pran prekosyon kòm sadwa, penti abaz plon ak pousyè penti a ka simaye toupatou nan kay ou. Lè timoun yo mete men yo ak jwèt yo nan bouch yo, yo ka vale pousyè ki gen plon.

Pou ede pwoteje timoun yo kont anpwazònman plon, lalwa mande pou mèt kay yo idantifye ak repare **danje penti abaz plon yo** nan apatman kote timoun ki gen 5 lane oswa pi piti yo ap viv, oswa kote yo regilyèman pase 10 èdtan oswa plis lasemèn. Lalwa sa yo aplike si bilding lan gen inite yo lwe epi yo te konstwi li avan 1960 (oswa ant 1960 ak 1978, si mèt kay la konnen bilding lan gen penti abaz plon).

Danje **pent**i abaz plon yo ki gen ladan penti abaz plon k ap dekale oswa ki andomaje sou mi yo; penti abaz plon sou plat k ap efitre ak bwa pouri; penti abaz plon sou pòt yo ak fenèt yo ki touche, kole oswa fwote ansanm; epi penti abaz plon sou rebò fenèt yo ak sifas yo ke timoun yo ka moulen nan bouch yo.

Mèt kay yo dwe:

- Distribiye **avi anyèl** bay tout lokatè yo pou yo ka fè konnen si gen yon timoun ki gen laj 5 lane oswa pi piti k ap viv oswa ki regilyèman pase 10 èdtan oswa plis lasemèn nan apatman an. Enspekte nenpòt apatman kote gen yon timoun ki gen 5 lane oswa pi piti pou wè si gen danje penti abaz plon yo epi bay lokatè yo yon kopi rezilta enspeksyon yo. Pou w jwenn avi anyèl ak enstriksyon yo, al sou **nyc.gov/health** epi chèche pou "**lead paint annual notice**" (**avi anyèl sou penti abaz plon**).
- Repare danje penti abaz plon yo nan tout inite yo lwe yo gras ak **pratik travay ki san danje yo**, epi asire pa gen okenn penti abaz plon sou sifas fenèt ak pòt yo ki touche, kole oswa fwote ansanm, avan yon nouvo lokatè anmenaje vin nan kay la. Bay yon lojman tanporè si yo pa ka repare danje penti abaz plon yo pandan lokatè a ap viv nan apatman an.
- Enfòmè Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) NYC (Depatman Sante) a lè gen plis pase 100 pye kare penti abaz plon yo pral oblije deranje nan yon chanm, oswa si yo pral ranplase de fenèt ki pentire oswa plis. Al sou **nyc.gov** epi chèche pou "**notice of commencement form**" (**fòmilè avi kòmansman**).
- Kenbe dosye tout bagay ki gen rapò ak enspeksyon, avi ak reparasyon pou penti abaz plon yo pandan omwen 10 zan.

Pratik Travay ki San Danje

- Itilize travayè ak konpayi Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) an sètifye lè w ap repara danje penti abaz plon yo ak lè w ap fè travay reparasyon jeneral yo ki ka deranje penti abaz plon yo.
- Afiche avètisman danje deyò espas kote travay la ap fèt la.
- Deplase oswa kouvri epi bare atè, pòt ak lòt ouvèti yo avèk plastik ak tep enpèmeyab pou dlo pa rantre.
- Netwaye espas travay la chak jou swa ak yon mòp mouye oswa yon aspiratè HEPA, **epi** netwaye l ankò ak yon mòp mouye oswa yon aspiratè HEPA apre travay la fin fèt.
- Fè yon kontraktè endepandan EPA sètifye retire lenjèt pou elimine pousyè ki tonbe yo apre travay la fin fèt pou asire nivo pousyè penti abaz plon yo san danje. Bay lokatè a yon kopi rezilta yo.

Egzijans pou fè tès nan 5 lane (Lwa Lokal 31 2020 an)

Mèt kay yo dwe teste tout apatman yo pou wè si gen penti abaz plon nan mwa out 2025 oplita, oswa nan yon delè ennan si gen yon timoun ki gen 5 lane oswa pi piti k ap viv oswa ki regilyèman pase 10 èdtan oswa plis lasemèn nan apatman an, kèlkeswa dat ki rive avan.

Lokatè yo dwe:

- Nan dat 15 fevriye oplita, ranpli ak voye avi anyèl ou resevwa tounen bay mèt kay la. Fòmilè sa a di mèt kay la si gen nenpòt timoun k ap viv oswa ki regilyèman pase tan nan apatman w lan.
- Enfòmè mèt kay la alekri si, apre w fin voye avi anyèl la tounen ba li, ou ta vin gen yon tibebe oswa si yon timoun ki gen 5 lane oswa pi piti ki vin viv oswa ki regilyèman pase 10 èdtan oswa plis lasemèn lakay ou.

Kisa pou w konnen sou vyolasyon penti abaz plon yo

- Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) NYC a pral enspekte pou wè si gen danje penti abaz plon yo nan nenpòt apatman kote yon lokatè te rele **311** pou pote yon plent pou antretyen kay epi gen yon timoun ki gen 5 lane oswa pi piti k ap viv oswa ki regilyèman pase 10 èdtan oswa plis lasemèn, si yo te konstwi bilding lan avan 1960.
- Si HPD jwenn yon danje penti abaz plon, enspektè a pral bay mèt kay la yon vyolasyon, epi mèt kay la pral oblije repara danje yo nan yon delè byen presi.
- Mèt kay la dwe itilize pratik travay ki san danje yo, ki gen ladan itilize travayè ak konpayi EPA Etazini an sètifye pou yo repara vyolasyon danje penti abaz plon yo oswa pou yo retire penti abaz plon nan pòt yo, fenèt yo ki touche, kole, oswa fwote ansanm.
- Kèk vyolasyon yo pral mande pou HPD retounen nan apatman ankò pou yo enspekte ak verifiye si mèt kay la te fè travay la. Si mèt kay la pa repara vyolasyon penti abaz plon an, HPD pral repara danje a. Sa ka mande pou yo fè plizyè vizit. Li enpòtan pou lokatè yo bay HPD aksè epi kite anplwaye oswa kontraktè yo k ap travay nan bilding lan antre nan apatman an pou yo fè reparasyon ki nesèsè yo.
- HPD ka mande yon mèt kay pou l bay dosye penti abaz plon li yo epi li ka enspekte lòt kote nan bilding lan. HPD pral bay yon vyolasyon pou dosye ki manke oswa nenpòt danje yo te jwenn pandan yon enspeksyon.

Ede anpeche anpwazònman plon

- Rele **311** pou w aprann konnen plis sou kòman ou ka anpeche anpwazònman plon oswa kikote ou ka jwenn yon tès pou wè si gen plon, oswa pou kòmande plis kopi dokiman sa a oswa lòt materyèl yo sou prevansyon anpwazònman plon.
- Fè mèt kay ou konnen nenpòt penti k ap dekale, fisire oswa ki lach sou mi nan apatman w lan. Si mèt kay ou pa repare penti k ap dekale a oswa si w panse travay reparasyon yo ap fèt nan fason ki poze danje, rele **311**.
- Kòmande yon twous tès pou wè si gen plon nan dlo potab lè w rele **311**. Ou pral resevwa rezilta yo nan yon delè 30 jou apre w fin bay echantiyon dlo a.
- Lave atè a, rebò fenèt yo, men yo, jwèt yo ak souson yo souvan.
- Raple doktè w pou l fè tès pou anpwazònman plon nan laj 1 an ak 2 zan. Mande doktè w enfòmasyon sou tès pou timoun ki pi gran yo. Si w pa gen yon doktè, rele **311** pou yo ede w jwenn youn.

Mèt kay yo ki gen inite yo lwe dwe bay lokatè yo dokiman sa a lè yo siyen yon kontra lwaye oswa lè yo anmenaje vin nan apatman an si yo te konstwi bilding lan avan 1960 (oswa ant 1960 ak 1978 si mèt kay la konnen bilding lan gen penti abaz plon). Dokiman sa a genyen enfòmasyon debaz yo sou penti abaz plon, men li pa la pou bay konsèy legal, yo ba w li pou fè w jwenn enfòmasyon pratik yo sèlman. Pou w jwenn lwa yo ak règ ki aplikab yo, al sou nyc.gov/hpd epi chèche pou "**lead poisoning**" (**anpwazònman plon**). Pou w jwenn plis enfòmasyon sou prevansyon anpwazònman plon, al sou nyc.gov/lead.

4.22 Haitian Creole